qádiriyatlar hám turmıslıq tájiriybe keyingi áwladqa kórkem usıllar arqalı jetkerilip, sheshenlik sózdiń milliy ádebiyattaǵı tiykarı jaratıldı.

**Juwmaq.** Orta ásir túrkiy ádebiyatı – sheshenlik óneriniń gúllegen dáwirin sáwlelendiretuǵın asıl ǵáziyne. Yusuf Xas Hajibtiń danalıq naqılları, Maxmud Qashqariy jıynaǵan maqal-máteller, Xorezmiy, Sayfı Sarayı, Qutb shıǵarmalarındaǵı soraw-juwap, aforistlik qatarlar xalıqtıń sózge, aqıl-parasatqa bergen mánin aydınlaydı. Bul miyraslar arqalı sheshenlik tek sóz sheberligi emes, ruwxıy tárbiyanıń, adamgershilik qádiriyatlarınıń quralı bolǵanı kórinedi. Sheshenlik óneri túrkiy jurt mádeniyatınıń tiykarında qáliplesip, keyingi áwladtıń oylaw mádeniyatına tásir etti.

**Ádebiyatlar**


1. Амин ал-Холи «Связи между Нилом и Волгой в XIII-XIV вв. – Москва: «Восточная литература», 1962.
2. Ертедеги әдебиет нусқалары. – Алматы: «Мектеп», 1967.
3. Келимбетов Н. Қазақ әдебиятының әййемги дәуири. – Алматы: «Мектеп», 1986.
4. Қосымова Г. Қазақ шешендік өнерінің негіздері және тілдік танымы. – Алматы: «Ғылым», 2005.
5. Мәмбетов К. Ерте дәуирдеги қарақалпақ әдебияты. – Нөкис: «Билим», 1992.
6. Фазылов Э. Шарқнинг машҳур филологлари. – Тошкент: «Фан», 1971.



**REZYUME.** Ushbu maqolada XI-XIV asrlar oralig‘ida turkiy adabiyotda shakllangan notiqlik san’atining tarixiy asoslari va badiiy xususiyatlari tahlil qilinadi. Yusuf Xos Hojib, Mahmud Qoshg‘ariy, Ahmad Yugnakiy, Xorazmiy, Sayfi Saroyi, Qutb asarlaridagi ritorik usullar, savol-javob tuzilmalari, maqol-matallar, aforizmlar tadqiq etildi. O‘rta asr yozma yodgorliklarining notiqlik an’anasini shakllantirishdagi roli va ma’naviy-madaniy ahamiyati ochib berildi. Maqola notiqlik san’atining xalq donishmandligi va axloqiy qadriyatlarni avlodlarga yetkazishdagi xizmatini aks ettirgan.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье анализируются исторические основы и художественные особенности ораторского искусства, сформировавшегося в тюркской литературе в период с XI по XIV века. Были исследованы риторические приемы, структуры вопросов и ответов, пословицы и поговорки, афоризмы в произведениях Юсуфа Хас Хаджиба, Махмуда Кашгари, Ахмеда Югнаки, Хорезми, Сайфи Сарайи и Кутба. Раскрыта роль и духовно-культурное значение средневековых письменных памятников в формировании ораторской традиции. Статья освещает функцию ораторского искусства в передаче народной мудрости и этических ценностей последующим поколениям.

**SUMMARY.** This article analyzes the historical foundations and artistic characteristics of oratory that developed in Turkic literature between the 11th and 14th centuries. Rhetorical techniques, question-and-answer structures, proverbs, and aphorisms in the works of Yusuf Khass Hajib, Mahmud Kashgari, Ahmad Yugnaki, Khwarezmi, Sayfi Sarayi, and Qutb were examined. The role and spiritual-cultural significance of medieval written monuments in shaping the rhetorical tradition were elucidated. The article illuminates the function of oratory in transmitting folk wisdom and ethical values to future generations.


## ҚАҲАРМАНЛЫҚ ДӘСТАНЛАР ПОЭТИКАСЫ – ҚАБЫЛ МАҚСЕТОВ ИЗЕРТЛЕЎЛЕРИНДЕ


**А.К.Сарсенбаева –** *таяныш докторант*

*Өзбекстан Республикасы Илимлер академиясы Қарақалпақстан бөлими*

*Қарақалпақ гуманитар илимлер илим-изертлеў институты*



**Таянч сўзлар:** фольклоршунослик, қаҳрамонлик достонлар, поэтика, бадиий тасвирий воситалар, ижодкорлик.

**Ключевые слова:** фольклористика, героические эпосы, поэтика, художественно-изобразительное средство, творчество.

**Key words:** folklore studies, heroic epics, poetics, artistic means of expression, creativity.


**Кирисиў.** Орта Азияда жасаўшы түркий халықлардың аўызеки әдебияты үлгилери XX әсирдиң 20-жылларына шекем рус илимпазлары тәрепинен жыйналған болса, 1920-жыллардың ақырынан баслап жергиликли қарақалпақ илимпазлары ҳәм аўызеки әдебиятқа қызығыўшы зиялылар тәрепинен системалы ҳәм турақлы түрде жыйнала баслады. Соның менен бирге, жыйналған материалларды баспада жәриялаў, китап етип шығарыў ҳәм изертлеў ислери де қолға алынды.

1960-жылларға шекем-ақ түркий халықлардың қаҳарманлық эпосларын типологиялық бағдарда изертлеў, дәстанлардың генезиси, эволюциясы, жанрлық қәсийетлери, архетип, тийкарғы эпос атқарыўшылығындағы турақлы дәстүрлер, текстлер менен бирге атқарыўшының дәстүр ҳәм жаңалыққа қатнасы сыяқлы мәселелер, эпос қаҳарманларының генетикалық шығысы, эпостың тарийхыйлығы ҳәм көркемлиги, көркем тили усаған мәселелер илимпазлар В.М.Жирмунский, А.Н.Боровков, Х.Т.Зарифов, Л.И.Климович, Н.Дәўқараев, О.Кожуров ҳәм т.б изертлеўлеринде бирқанша теориялық пикирлер билдирилди.

**Әдебиятлар анализи.** Изертлеўде илимпаз Қ.Мақсетов [1], Қ.Мәмбетназаров ҳәм Ө.Ерполатов [2] қарақалпақ қаҳарманлық дәстанларының поэтикасы ҳаққындағы илимий изертлеўлер нәтийжелери, Ж.Хошниязов, К.Палымбетовтың [3] ҳәм А.Пирназаровтың [4] профессор Қ.Мақсетовтың өмири ҳәм дөретиўшилик хызметлери ҳаққындағы изленислери анализ етиледи.

**Тийкарғы бөлим.** Усы жылларға келип қарақалпақ фольклортаныўында қарақалпақ қаҳарманлық дәстанларының идеялық мазмуны, образлары, көркемлиги бойынша И.Сағитовтың «Қарақалпақ халқының қаҳарманлық эпосы», Қ.Мақсетовтың «Қарақалпақ қаҳарманлық дәстаны «Қырық қыз», А.Әлиевтың «Қарақалпақ халық дәстаны «Мәспатша» сыяқлы изертлеўлери, ал дәстанларды атқарыўшы жыраў, бақсылар ҳаққында Қ.Айымбетовтың «Қарақалпақ халық жыршылары» деген диссертациялары жазылды. Лекин, бул изертлеўлерде үйрениў объекти етип алынған дәстанлардың көркемлиги мәселеси жумыстың бап яки бөлимлеринде ғана қысқаша үйренилгенлиги болмаса, арнаўлы түрде композициясы, сюжети, идеясы, образлары, көркем тили, сүўретлеў қураллары, поэтикасы мәселелери изертленбеген еди.

Сол дәўирлери қаҳарманлық дәстанлардың поэтикалық көркемлик өзгешелигин өз алдына арнаўлы түрде изертлеў ең тийкарғы машқалалардың бири еди. Усы машқала Қ.Мақсетов тәрепинен «Қарақалпақ қаҳарманлық дәстанларының поэтикасы» деген темада

докторлық диссертациясы темасы етип алынып, 1966-жылы Ташкент қаласында табыслы қорғап шығады ҳәм филология илимлериниң докторы илимий дәрежесине ийе болады. Соңынан усы изертлеўи монография болып баспадан басылып шығады [1]. Солай етип, қарақалпақ қаҳарманлық дәстанларының поэтикасын изертлеў биринши рет Қ.Мақсетов тәрепинен әмелге асырылады.

Бул изертлеўден соң да Қ.Мақсетов өмириниң ақырына шекем дәстанлар поэтикасы бойынша изертлеў жумысларын турақлы алып барды. Бир қанша көлемли монографиялық изертлеўлерин китап етип шығарды. Лекин, алымның дәстанлар поэтикасы бойынша изертлеўлерине бир мақала көлеминде пикир билдириў мүмкин емес, сонлықтан биз бул мақаламызда Қ.Мақсетовтың 1965-жылы Ташкентте «Фан» баспасынан басылып шыққан «Қарақалпақ қаҳарманлық дәстанларының поэтикасы» атлы фундаментал изертлеўи бойынша пикирлеримизди билдирмекшимиз.

Монография кирисиў, жуўмақтан тысқары жети баптан ибарат. Илимпаз жумысты жазыўда өзине шекемги тюрколог илимпазлар П.М.Мелиоранский, В.А.Гордлевский, В.Радлов, А.К.Боровков, В.М.Жирмунский, Н.А.Баскаков, Х.Т.Зарифов, М.Әўезов, И.Сағитов ҳәм т.б. мийнетлерин қунт пенен үйренип, тийисли орынларда олардың пикирлерин басшылыққа алып отырады.

Қ.Мақсетов тәжирийбели фольклортаныўшы сыпатында халық дәстанларының өзине тән заңлы өзгешеликлеринен келип шығып, дәстанның көркемлигин изертлеўди, оның идеялық мазмунынан бөлип алып қарамайды. Соның ушын да, илимпаздың изертлеўине пикир билдирген Қ.Мәмбетназаров, Ө.Ерполатов: «Дәстанлардың халықлығы, идеялық мазмуны тиккелей сол дәстанның поэтикасы менен байланыста екенлигин дурыс көрсетеди» [2:110] – деп баҳа берген еди. Қ.Мақсетов дәстанлардың идеялық ҳәм көркемлик өзгешеликлерин, композициялық қурылысын, қаҳарманлардың образларының жасалыўын, көркем сүўретлеў қуралларын, қосық қурылысын, дәстанлардағы проза мәселеси, дәстанның поэтикасы музыка менен байланыста екенлигин теориялық көзқарастан үйренеди. Дәстанлардың идеялық мазмуны, композициясы, сюжет ўақыялары ҳәм т.б. өзгешелиги менен жанрлық жақтан ҳақыйқый қаҳарманлық дәстанлар есапланған «Алпамыс», «Қоблан», «Қырық қыз», «Қурбанбек», «Ер Зийўар», «Жазкелен», «Мәспатша», «Гөруғлы» дәстанларын изертлеў объектине тартады. Усы дәстанлардың ишинде «Алпамыс», «Қоблан», «Қырық қыз» дәстанларына 1960-жылларға шекем-ақ В.М.Жирмунский, А.К.Боровков, Н.Дәўқараев, Қ.Айымбетов, О.Кожуров, И.Сағитов, Н.Жапақов ҳәм Қ.Мақсетовтың өзи тәрепинен айырым илимий пикирлер билдирилип, қысқа көлемде болса да изертлеўлер алып барылған еди, ал «Мәспатша» дәстанын енди ғана А.Әлиев диссертация темасы етип изертлеў жумысын жүргизип атырған еди. Қ.Мақсетов усы дәстанлар менен бирге, илимий орталықта еле үйренилмеген ҳәм изертленбеген «Қурбанбек», «Ер Зийўар», «Жазкелен», «Гөруғлы» дәстанларын кең масштабда изертлеўди өзиниң объекти етип алады, солай етип, поэтика мәселеси бойынша машқаланы биринширлерден болып изертлеўге қол урады. Сонлықтан да, «Мақсетов мектеби» атлы китаптың авторлары илимпаздың изертлеўин жоқары баҳалап: «…бир қатар қаҳарманлық дәстанлар (жоқарыда аты аталған дәстанлар – С.А) өз алдына сөз етилип, олардың өз алдына ишки сюжетлик қурылыслары, тәсир мәселелери биринши мәрте қолға алынғанлығы ҳәм утымлы илимий нәтийжелер менен шешим тапқанлығын атап өтиўимиз тийис» [3:21], – деп жазған еди. Қ.Мақсетов терең илимий-теориялық изертлеў жумысларын алып бара отырып, дәслеп қаҳарманлық дәстанлардың өзгешелигин белгилеп көрсетеди. Мысалы, илимпаз қаҳарманлық дәстанлардың дөрелиў өзгешелигине пикир билдирип, оларды шәртли түрде екиге бөлип қарайды: 1. Жәмәәт тәрепинен дөретилип, аўызша атқарылатуғын дәстанлар, 2. Белгили бир автор (шайыр) тәрепинен дөретилген жазба дәстанлар. Олардың биринфиси аўызеки әдебиятқа тийисли екенлигин, екиншисиниң жазба әдебиятқа характерли екенлигин белгилеп өтеди [1:33]. Илимпаздың бундай етип, аўызеки атқарылатуғын ҳәм жазба түрде дөретилип, авторы белгили дәстанларды айырып көрсетиўи сол дәўир ушын зәрүр, илимде анықлықты талап ететуғын жағдайлардың бири еди.

Илимпаз жыраў, бақсылардан жазып алынған дәстанлардың характерли өзгешеликлерин ашып бериўге дыққат бөледи, мысалы: «Эпослық жырға киретуғын дәстанлар сол дәўирдеги поэзияның мүмкиншиликлерин өз ишине алатуғын мазмуны, формасы ҳәм көлеми жағынан әдеўир муғдарда болыўы ҳәм соның менен бирге дәстанларда геройдың (қаҳарманның – С.А.) туўылыўы, тәрбияланыўы, батырлығы, сүйиўшилиги, үйлениўи, атланыслары, батырлардың балалы болыўы, булардың ҳәммеси қарақалпақ қаҳарманлық дастанларына тән қубылыс деп қарайды. Ҳақыйқатында да, қаҳарманлық дәстанлардың композициялық дүзилиси ушын эпик дәстүр, заңлы қәлип болып қәлиплескен батырдың туўылмасынан бурын, оның ата-бабаларының шежиресинен баслап, батырдың дүньяға келиўи, ер жетиўи, үйлениўи, елди жаўлардан қорғаўы, әдиллик ҳәм теңликти орнатыўына шекемги ўақыялар Қ.Мақсетов жоқарыда белгилеп өткен мотивлер менен избе-из әмелге асырылып отырады. Олар атқарыўшылардың таланты, импровизаторлық қәбилети менен көркем поэтикалық усылларда шеберлик пенен жеткерип бериледи. Соның ушын да Қ.Мақсетов дәстанларды атқарыўшы жыраўлардың айтыў шеберлигине, олардың дөретиўшилик өмирине, шәкирт таярлаў усылларына дыққат аўдарады. Себеби, дәстанлардың көркемлигиниң жоқары болыўы, ўақыялардың қызықлы болып баянланыўы, сол дәстанды атқарыўшылардың талантына, уқыбына, қәбилетине байланыслы екенлигин көрсетеди. Қ.Мақсетов усы изертлеўин жазғанға шекем көп экспедицияларда қатнасып, жыраў, бақсылар менен жүзбе-жүз ушырасып, олардан өзи көп дәстанларды тиккелей жазып алғанлықтан, жыраў, бақсылардың атқарыўшылығындағы нәзик деталларға шекем, олардың дәстан жырлаў өзгешеликлерин пуқта өзлестиргенликтен анық факт пенен мағлыўматларды исенимли ҳәм дәлилли түрде жазады. Илимпаз импровизатор жыраўлар менен импровизатор емес жыраўлардың, сондай-ақ, ҳәр бир жыраўдың дөретиўшилик жолының ҳәр қыйлылығын, соның менен бирге, ҳәр бир жыраўдың жасаған дәўири, дүньяға көзқарасы, жасап атырған орталығына байланыслы жырлап атырған дәстанларының мазмуны, тил көркемлигиндеги ҳәр қыйлылық, және жыраў, бақсылардың арасындағы мәдений, дөретиўшилик байланыслар,

әсиресе, өзбек, түркмен, қазақ атқарыўшылары менен қатнасық, бир-бирине тәсир етиў, өзлестириў, үйрениў мәселелери бойынша қызықлы мағлыўматларды келтиреди. Қ.Мақсетов изертлеўиндеги усындай илимий-теориялық жетискенликлер ҳаққында, әдебиятшы А.Пирназаров өз пикирлерин былайынша билдиреди: «…коллективлик дөретиўшиликтиң тийкарын индвидуаллық творчествоның қурайтуғынлығы, булардың арасында органикалық байланыс болып, оның бәрҳама ҳәрекетте болатуғынлығы, халық поэзиясындағы шеберликтиң кең мәниде коллективлик творчествоға, ал тар мәниде атқарыўшы жыраў, бақсыларға тән екенлиги, дәстан тилиниң ҳәр жаңа заманға бейимлесиўиниң нәтийжесинде үзликсиз өзгеристе болып отыратуғынлығы, фольклорлық әдебий тилдиң жазба әдебий тилден өзгешеликлери терең илимий көзқарастан дәлилленген» [4:188-189], – деп жазды.

Изертлеўде илимпаз қарақалпақ қаҳарманлық дәстанларының композициялық қурылысы ҳәм образлары ҳаққында дәслепкилерден болып анық илимий теориялық пикирлерди билдиреди. Қарақалпақ қаҳарманлық дәстанларының композициялық қурылысы шығысы жағынан халық ертеклериниң сюжетлик қурылысы менен байланыслы болып келетуғынын дәлиллеп береди. Дурыс, қарақалпақ қахарманлық дәстанларын анализлеп қарағанымызда, олардың қурылысында, сюжетлик мазмунында ертеклик, фантастикалық сүўретлеўлер турмыслық ўақыялар менен қарысып сүўретленип, қызықлы ҳәм тартымлы түрде көркемлик пенен, бир тутаслықта избе-излик пенен баянланып отырады. Ҳәне илимпаз мифологиялық сүўретлеўлер, ертедеги адамлардың дүньяға көзқарасы ҳәм исенимлери орын алатуғынын көрсетип береди. Қаҳарманлық дәстанларда батырдың қайғысы менен қуўанышы поэтикалық усылда көркем етип берилетуғынын сыпатлап береди. Қаҳарманның кеўил-кейпиятындағы ҳәр қыйлы ҳалатлар образлы түрде тәбият көринислери менен берилетуғынын, бунда теңеў, метафора, метонимия, эпитет ҳәм жанландырыў сыяқлы сүўретлеў қураллары шеберлик пенен қолланылып, дәстанның поэтикалылығын асыратуғынын дәлиллеп береди.

Қарақалпақ қаҳарманлық дәстанларының поэтикалылығын тәмийинлейтуғын көркем сүўртлеў қураллары гипербола, антитеза, аллегория, теңеў, эпитет, нақыл-мақал, афоризм сөзлер, көркем тәкирарлаўларға кеңнен тоқтап, олардың дәстанның көркемлигин ашыўдағы орнын мысаллар менен дәлиллеп береди. Дәстанлардың тилинде халық сөз байлығынан пайдаланыўдағы өзгешеликлер бойынша дәстанлардың текстинен мысаллар келтирип дәслепки рет илимий-теориялық пикирлер билдиреди. Қарақалпақ дастанларының миллий өзине тәнлиги ашып бериледи. Ал, алымның қарақалпақ қаҳарманлық дастанларындағы прозаның берилиўин изертлеўи биринши баслама болып, изертленбеген тың мәселе бойынша баҳалы пикирлер билдирилип, илимий жуўмақлар жасалады. Соның менен бирге, илимпаздың усы мийнети жазылғанға шекем қосық қурылысы бойынша айырым мақалалар жазылған еди. Илимпаздың изертлеўинде дәстанлардың қосық қурылысы, олардағы уйқас, ырғақ, өлшем, буўын, аллитерация, ассонанс ҳәм басақа да қосық формалары анықланып, илимий шешимин табады. Қ.Мақсетов изертлеў жумысында дәстанларды оның музыкасынан бөлип қарамайды, сонлықтан дәстанлардың музыкалық бирлиги ҳаққында да өз пикирлерин ортаға таслайды.

**Жуўмақ.** Жуўмақлап айтқанда, қарақалпақ фольклортаныў илиминиң қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўында терең илимий-изертлеў жумысларын жазған филилогия илимлериниң докторы, профессор Қабыл Мақсетовтың илимий дөретиўшилигин үйрениў бүгинги күн илими ушын оғада әҳмийетли саналады.

**Әдебиятлар**


1. Мақсетов Қ. Қарақалпақ қаҳарманлық дәстанларының поэтикасы. – Ташкент: «Фан», 1965.
2. Мәмбетназаров Қ., Ерполатов Ө. Қарақалпақ қаҳарманлық дәстанларының поэтикасы ҳаққында. // «Әмиўдәрья», 1966, №1.
3. Хошниязов Ж., Палымбетов К. Мақсетов мектеби (Профессор Қ.Мақсетовтың өмири ҳәм дөретиўшилик хызметлери туўралы илимий очерк). – Нөкис: «Илим», 2019.
4. Пирназаров А. Қарақалпақ әдебияты бойынша гейпара ойлар. – Нөкис: «Билим», 1991.



**РЕЗЮМЕ.** Мақолада таниқли фольклоршунос олим, профессор Қ.Мақсетовнинг ХХ асрнинг 1960 йилларида қорақалпоқ қаҳрамонлик достонлари поэтикаси бўйича олиб борган монографик тадқиқоти таҳлилга тортилади. Олимнинг қорақалпоқ қаҳрамонлик достонлари поэтикаси бўйича илк маротаба билдирган илмий-назарий қарашлари ҳақида фикр юритилади.

**РЕЗЮМЕ.** В статье анализируется монографическое исследование известного фольклориста, профессора К.Максетова, посвященное поэтике каракалпакских героических эпосов в 1960-х годах. Обсуждаются первые научно-теоретические взгляды учёного на поэтику каракалпакских героических эпосов.

**SUMMARY.** The article analyzes the monographic research of the renowned folklorist, professor K.Maksetov, dedicated to the poetics of Karakalpak heroic epics in the 1960s. The scholar's first scientific and theoretical views are discussed on the poetics of Karakalpak heroic epics.